



Pou Piblikasyon Imedya: 03/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PREZANTE DEZYÈM PWOPOZISYON DISKOU ETA LETA
2024 LAN: PLAN 'RETOUNEN NAN BAZ LA' PRAL AMEYORE KONPETANS NAN
LEKTI**

***Gouvènè a pral pwopoze Lejislasyon pou asire yo itilize meyè pratik ki baze sou
prèv yo nan lekòl yo atravè New York***

***Pou ede elèv yo ak sipòte pwofesè yo, 10 milyon dola investisman Eta a
pral fòme 20,000 pwofesè nan ansèyman "Syans Lekti"***

***Pwogram mikwo-akreditasyon SUNY ak CUNY pou pwofesè yo pral elaji pou asire
pwochen jenerasyon edikatè yo itilize pi bon pratik ki baze sou prèv***

Gouvènè Kathy Hochul dewale jodi a plan Retounen nan Baz (Back to Basics) li a pou amelyore konpetans nan lekti nan New York nan kad diskou sou Sitiyasyon Eta 2024 li a. Pou tranzisyon New York nan ansèyman lekti ki anseye elèv yo konpetans debaz yo bezwen pou yo vin lektè konpetan, Gouvènè Hochul pral prezante lejislasyon ki asire yo itilize meyè pratik ki baze sou prèv atravè New York. Gouvènè a pral pwopoze tou 10 milyon dola nan envestisman eta a pou fòme 20,000 pwofesè nan pi bon pratik ansèyman Syans Lekti, e li te anonse yon ekspansyon pwogram mikro-akreditasyon SUNY ak CUNY pou pwofesè ki konsantre sou Syans Lekti, pou asire ke pwofesè nou yo kounye a ak alavni yo k ap chèche edikasyon avanse pi byen prepare.

"Lekti se baz sistèm edikasyon nou an, men kounye a Eta New York pa satisfè nivo konpetans debaz nan lekti yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou pa ka kontinye pèmèt timoun nou yo rete lwen dèyè nan itilize apwòch demode ak diskredite nan konpreyansyon lekti. Inisyativ Retounennan Baz nou an pral retabli fason lekòl yo apwoche lekti, pou retounen nan teknik ki pwouve syantifikman. Ansanm ak envestisman nan pwogram fòmasyon pwofesè yo, n ap abòde pwoblèm sa a tèt pou tèt nou pou asire ke pwofesè nou yo ak timoun yo prepare pou siksè."

Abilite pou li nan twazyèm ane se yon endikatè enpòtan pou siksè yon elèv alavni. Elèv ki pa reyalize konpetans nan fen twazyèm ane a gen kat fwa plis chans pou yo abandone lekòl, ak pousantaj abandonki menm pi eksprime pou elèv koulè ak elèv ki soti nan orijin defavorize. Anplis de sa, echèk pou asire konpetans nan lekti nan yon laj byen bonè gen yon efè kaskad, sa ki kapab deraye trajektwa akademik yon elèv, gen

enpak sou potansyèl salè, sante, ak byennèt alavni. Lè yo rekonèt bezwen ijan pou amelyore konpetans nan lekti epi asire siksè elèv yo, plis pase 30 eta yo te fè tranzisyon nan yon apwòch 'retounen nan baz yo'.

Kòm yon pati nan diskou sou Sitiyasyon Eta 2024 li a, Gouvènè Hochul ap anonse plizyè inisyativ pou fè timoun New York yo tounen sou kous yo.

Plan Lekti Retounen nan Baz Gouvènè Hochul la pran mezi nan tout eta a pou asire ke chak distri lekòl itilize pi bon pratik ansèyman ki baze sou Syans Lekti. Gouvènè Hochul pral chèche pase ane sa a lejislasyon pou egzije Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department, SED) pibliye meyè pratik ansèyman nan ansèyman lekti, epi distri lekòl yo adopte pratik sa yo. Apwòch sa a gen ladann ansèyman konsyans fonemik, fonik, dekodaj, vokabilè, ak konpreyansyon. Nan mwa septanm 2025, tout distri eskolè yo pral bezwen sètifye ak SED ke kourikoulòm yo, estrateji ansèyman yo, ak devlopman pwofesyonèl pwofesè yo an akò ak tout eleman pi bon pratik ansèyman yo.

Gouvènè Hochul te anonse tou 10 milyon dola pou pwogram fòmasyon pwofesè yo pou asire ke pwofesè yo prepare pou itilize estanda ki baze sou prèv nan salklas la. Pwofesè Ini nan Eta New York (New York State United Teachers) ak Federasyon Ini Pwofesè (United Federation Teachers) yo deja kòmanse fòme plizyè milye pwofesè nan Syans Lekti, epi finansman sa a ta sipòte fòmasyon 20,000 pwofesè adisyonèl ak asistan ansèyman lekòl primè yo.

Pou prepare aktyèl ak fiti pwofesè New York yo k ap chèche edikasyon avanse, plan Retounen nan Baz Gouvènè Hochul la lagen ladan tou amelyore ak elaji Pwogram Mikwo-akreditasyon SUNY ak CUNY an pou Pwofesè ki konsantre sou Syans Lekti yo.

Komisè Edikasyon Eta New York la, Betty A. Rosa, te deklare, "Ankouraje ekselans nan alfabetizasyon ak ekipe jèn lespri yo enpòtan anpil pou nourri pakou edikatif pi jèn aprenan yo nan eta nou an. Apati metòd ansèyman alfabetizasyon ki baze sou prèv, edikatè nou yo kapab bay yon apwòch konplè ki amelyore konpetans alfabetizasyon ak ekipe elèv k ap aprann yo ak zouti ki nesèsè pou kominikasyon efikas ak aprantisaj ki dire tout lavi yo. Depatman Edikasyon Eta a ap travay pou asire tout elèv yo gen resous yo bezwen pou yo gen siksè nan alfabetizasyon ak lavi, kèlkeswa diferans aprantisaj yo. Tout elèv yo merite opòtinite pou yon gen bon jan kalite edikasyon ki pèmèt yo pwospere."

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Investisman 10 milyon dola Gouvènè Hochul pwopoze pou sipòte plizyè milye pwofesè nan mete ann aplikasyon Syans Lekti a pral pèmèt jenerasyon elèv yo vin lektè ki fò, ak sitwayen ki fè siksè. SUNY se pi gwo teren fòmasyon ak edikatè pwofesè New York yo. Nou fyè de mikwo-akredisyon Syans Lekti ki anplas kounye a nan SUNY New Paltz, epi nou pa ka tann pou nou ogmante pwogram nan, konpetans pwofesè nou yo, ak siksè elèv nou yo, davantaj."

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez, te deklare, "Nou kontan pou sipòte plan 'Retoune nan Baz' Gouvènè Hochul la pou ogmante alfabetizasyon bonè nan lekòl New

York yo nan enkòpore syans lekti nan edikasyon pwofesè yo epi asire ke tout elèv yo jwenn konpetans fondamantal yo bezwen pou yo kapab vin lektè konpetan. CUNY prepare prèske yon ka nan pwofesè salklas Eta New York yo, epi nou pran angajman pou ekipe yo ak pi bon pratik pou amelyore ansèyman lekti, avanse ekite edikasyon nan vil ak eta nou an."

Prezidan NYSUT la, Melinda Person, te di, "Nou konnen ke lekti ouvri mond lan devan timoun yo, epi edikatè yo konnen li se yon kle nan siksè akademik. Sa a se yon envestisman nan avni elèv nou yo. Lè nou bay edikatè nou yo aksè ak nouvo resous ak devlopman pwofesyonèl, n ap bay chak elèv opòtinite pou yo vin yon bon lektè."

Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare, "Konpetans nan lekti se poto prensipal yon edikasyon ki fè siksè, men pifò timoun nan New York pa satisfè estanda lekti debaz yo nan klas twazyèm ane. Rezilta yo espesyalman terib pou plizyè milye elèv ki disleksik (enkapasite pou fè lekti), tankou pwòp pitit fi mwen an, ki pa te menm dyagnostike anvan klas katriyèm ane. Anpil timoun pa dyagnostike ak disleksik jiskaske li twò ta, si yo te janm aprann sou sityasyon pa yo. Mwa pase a, Gouvènè Hochul te pran pozisyon pou timoun atravè eta a lè li te siyen lejislasyon mwen an pou etabli yon Gwoup Travay sou Disleksi ak Disgrafi (Dyslexia and Dysgraphia Task Force), epi mwen fyè pou m kanpe avè l jodi a pou m sipòte tranzisyon an nan ansèyman lekti ki baze sou prèv nan chak lekòl. Lejislasyon ak finansman sa a pral yon transfòmasyon pou timoun yo nan tout gran eta nou an."

Manm Asanble Robert Carroll te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou pwopozisyon enpòtan sa a pou ede amelyore fòmasyon pwofesè yo konsènan fason yo anseye lekti nan eta nou an. Li kòrèkteman nonmen epi idantifye youn nan kòz pwofon kriz alfabetizasyon eta nou an – ki se itilizasyon kourikoulòm ak apwòch pou ansèyman alfabetizasyon ki pa chita sou syans lekti. Mwen te yon bon defansè pou swiv syans lekti epi antanke moun ki gen disleksi mwen konnen pèsonèlman kijan itilizasyon metòd ki baze sou prèv yo enpòtan. Rechèch la klè ke tout elèv yo travay pi byen lè pwofesè yo resevwa fòmasyon sou syans lekti ak pratik ki baze sou prèv yo aplike ak fidelite epi mwen pa katann pou mwen kontinye travay ak Gouvènè a pou fè sa vin reyalyte nan Eta New York."

Charles Detric, ki se Direktè Egzekitif Konsèy Sipè-entandan Lekòl Eta New York (New York State Council of School Superintendents), te deklare, "Konstitisyon Eta nou an pwomèt tout timoun nou yo yon edikasyon ki ka prepare yo pou siksè nan lavi adilt. Pou respekte pwomès sa a, jèn lektè nou yo bezwen pwofesè ki pi byen prepare ak pi gwo sipò eta ka bay. Lektè bati yon baz pou tout lòt aprantisaj. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li pran yon angajman ankò pou sipòte travay nou an."

Robert S. Schneider, ki se Direktè Egzekitif Asosyasyon Konsèy Lekòl Eta New York la, te deklare, "Konpetans nan alfabetizasyon ki solid reprezante baz pou aprantisaj alavni ak siksè nan espas travay. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou efò li fè pou asire ke pwofesè nou yo itilize teknik pwouve pou ansèyman lekti, epi pou

bay finansman pou sipòte opòtinite devlopman pwofesyonèl sa yo. Inisyativ gouvènè a pou amelyore ansèyman lekti ki efikas pral ede pi byen prepare elèv nou yo pou lavni."

Kevin Casey, Direktris Egzekitif Asosyasyon Administratè Lekòl Eta New York (School Administrators Association of New York State), te deklare, "Inisyativ Gouvènè a pou amelyore ansèyman lekti, atravè syans lekti ak pratik ki baze sou prèv, kontinye angajman solid New York pou ekselans edikatif. Travay sa a mande lidèchip solid, resous, ak angajman soutni. Anons Gouvènè a sou yon envestisman 10 milyon dolapou amelyore ansèyman lekti se yon bon kòmansman pou sipòte lekòl k ap fè travay sa a."

Helen Hoffman, ki se Prezidan, Asosyasyon Paran Pwofesè (Parent Teacher Association, PTA) Eta New York, te deklare, "PTA NYS kontan dèske Gouvènè Hochul ap sipòte gran edikatè, lekòl, fanmi ak timoun nou yo nan travay enpòtan sa a. Syans ansèyman lekti a deja sètènman chanje pandan ane yo, epi avèk nouvo enfizyon resous sa a, sipò pou travay enpòtan pwofesè yo ap fè chak jou nan salklas yo pral ogmante. Nou remèsye Depatman Edikasyon Eta a tou pou sipò kontinyèl yo nan alfabetizasyon, ak travay enpòtan yo fè pou Sipòte Timoun yo, Sensibilize."

Direktè Egzekitif PTA Eta New York ak Paran yon Timoun ki Gen Laj pou ALe Lekòl, Kyle Belokopitsky, Esq., te deklare, "Paran yo dakò - sipò alfabetizasyon, espesyalman sipò alfabetizasyon bonè, se yon eleman kle nan siksè elèv yo. Paran yo, fanmi yo, edikatè yo ak lekòl yo travay chak jou pou sipòte objektif lekti ak alfabetizasyon timoun yo, epi devouman edikatè nou yo nan enkilke lanmou pou lekti nan timoun nou yo san parèy. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou pwopozisyon sa a epi nou pa ka tann pou nou travay ansanm pou fè potansyèl chak timoun vin yon reyalite."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418